# पाठ ४८

1. का यिशु कहियो पाप कइलक ?
   - ना ।
   - यिशु परमेश्वर दिएवाला सब आज्ञा सब पालन कइलक आ कहियो पाप ना कइलक ।

2. यिशु काहे परमेश्वर दिएवाला सब आज्ञा पालन कइलक आ पाप ना कइलक ?
   - काहेकि यिशु पापमे ना जनमल रहे ।

3. यिशु काहे पापमे ना जनमल रहे ?
   - काहेकि यिशु मानव पिताके बिजसे ना जमलरहे ।
   - काहेकि यिशु मानव माताके बिजसे ना जनमल रहे ।
   - काहेकि यिशु हे परमेश्वर रहे ।

4. का यिशु के अलाबा अउरो कउन पापरहित रहे ?
   - ना ।

- अउरो सब आदमीसब पापमे जनमल रहे ।

5. जब युसुफ आ मरियम यिशुके मन्दिमरे मिलल त वहां कथी करत रनी ?
    - यिशु शिक्षकसबसे परमेश्वरके वचन सुनकर ओकुनीसबके प्रश्न पुछतरनी ।
    - यिशु शीक्षकसबके परमेश्वरके वचन सिकावत भि रनी ।

6. वहां सिर्फ १२ सालके रहे त वहांके कइसन परमेश्वरके वचनके बारेमे थाहा भइल ?
    - काहेकि यिशु हि परमेश्वर बारन ।

7. जब मरियम यिशुके पुछलक त वहांके जवाफ कथी रहे ?
    - का अपनेसबके हम अपन पिताके घरमे रहेके परी कहके थाहा नइखे कहलन ?

8. यिशुके यी जवाफके मतलब कथी ह ?

- यिशुके यी जवाफके मतलब परमेश्वर पिता जथी कहलन त वहां वही करलन ह ।

9. यिशु जब बढलरहे त का वहां युसुफ आ मरियमके आज्ञा पुरा पालन कइल ?
   - हां ।

10. यद्‌यपि यिशु अउरो बालक जइसने रहे त यिशु कइसन फरक भेल ?
    - यिशु परमेश्वर बारन ।
    - यिशु पुरा मानव आ पुरा परमेश्वर बारन ।

- परमेश्वर जकारिया आ एलिशिबाके युन्ना नाम रहेवाला एगो बेटा देलक ।

- जकारिया आ एलिसिबाके बेटा बप्तिस्मा दिएवाला यहुन्नाके नामसे परिचित भेगेल ।

- परमेश्वर बप्तिस्मा दिएवाला युहन्नाके यहुदीसबके हृदय तैयार पारके लिए भेजलक ।

1. ककराके निमित्त बप्तिस्मा दिएवाला युहन्ना यहुदीसबके हृदय तैयार बनावतरनी ?
    - उद्धारकर्ता यिशुके निमित्त ।

2. बप्तिस्मा दिएवाला यिशु कइसन यिहुदीसबके हृदय तैयार बनावतरनी ?
    - ओकुनीसबके परमेश्वरके वचन सिखइके ।
    - परमेश्वर बप्तिस्मा दिएवाला यहुन्नाके यहुदीसबके सिखावेलाके कहनी ।
    - बप्तिस्मा दिएवाला युहन्ना कहेवाला बात इहा लिखेला ।

आवलजावो मत्ती ३:१-२ पद पढलजाइ ।
वही दिनमे युहन्ना बप्तिस्मा देवेवाला आके यहुदियाके सुनसान जगामे यि प्रचार करे लगलन अपना पापसे पछतावा कर काहेकि स्वरगके राज नियारा भइल बा ।

3. बप्तिस्मा दिएवाला युहन्ना यहुदीसबके कथी सिखाइलक ?
    - बप्तिस्मा दिएवाला युहन्ना यहुदीसबके ओकुनीसबके पश्चात्ताप करेके परि कहके सिखाइल ।
4. पश्चात्ताप करेके परी कहेलाके मतलब कथी ह ?
    - पहिल पश्चात्ताप करेलाके मतलब परमेश्वरके बारेमे हमनीके सोचाइ परिवर्तन कइन ह ।
5. परमेश्वर काहे हमनी वहांके बारेमे रखेला सोचाइ परिवर्तन करेके चाही ?
    - काहेकि हमनि परमेश्वरतकले हमर आपन तरिकासे पुगेके सकी कहके ठानतरनी ।
6. का हमनी परमेश्वरके हमर आपन तरिकासे भेटसकेनी ?
    - ना ।
    - परमेश्वर पवित्र बारन आ हमनि परमेश्वरके केवल वहांके तरिकासे सिर्फ मिल सकेला ।

- पश्चात्ताप करेलाके मतलब परमेश्वरके बारेमे हमनी रखेवाला सोचाइ परिवर्तन कइना ह । परमेश्वर पवित्र रहेलाके चल्त वहां केवल वहांके तरिकासे सिर्फ मिलेके सकेला ।
- दोसर पश्चात्ताप करेलाके मतलब हमर आपन बारेमे रखलक सोचाइ परिवर्तन कइना हो ।

7. परमेश्वर काहे हमनी अपन बारेमे राखलक सोचाइ परिवर्तन करेके चाहनी ?
    - काहेकि हमनीके अपन परमेश्वरके विरुद्धमे पाप ना करेला जइसन लागत रनी ।
8. का हमनी परमेश्वरके विरुद्धमे पाप करेला ?
    - हां ।
    - सब आदमीसब परमेश्वरके विरुद्धमे पाप करेला ।
    - सब आदमीसब पापमे जनमलरहे ।
    - पश्चाताप करेलाके मतलब हमनी अपन बारेमे रखे सोचाइ परिवर्तन करेला ह काहेकि हमनी परशेक्वरके विरुद्धमे पाप कइलक ।

- तेसर पश्चात्ताप करेलाके मतलब पापके बारेमे हमनी रखेला सोचाइ परिवर्तन कइन ह ।

9. परमेश्वर काहे हमनी पापके बारेमे रखेला सोचाइ परिवर्न करेलाके चाहनी ?
   - काहेकि हमनी परमेश्वर हमनी करेला पापके दण्ड दिएवाला नइखे ठानेला ।

10. का परमेश्वर सब पापके दण्ड दिएला ?
    - हां ।
    - परमेश्वर हमनी करेवाला सब पापके सजया आत्मिक मृत्यु दिएला ।
    - पश्चात्ताप करेलाके मतलब पापके बारेमे हमनी रखेला सोचाइ परिवर्तन कइना ह काहकि परमेश्वर सब पापके सजाय आत्मिक मृत्यु दिएला ।
    - बप्तिस्मा दिएवाला युहन्ना यहुदीसबके पश्चात्ताप करेके परी कहलक ।
    - बप्तिस्मा दिने युहन्नाके बारेमे यशैया अगमवक्ता अइसन कहलक ।

आवलजावो मत्ती ३:३ पद पढलजाइ ।

यि उहे हवन जेकराबारेमे यशैया नवी कहले रहलन कि सुनसान जगामे केही पुकारता कि प्रभु खातिर राह बनावो अउर हुनकर सडक सोझ बनाऊ ।

- यशैया अगमवक्ता यइसन कहलक कि बप्तिस्मा दिएवाला युहन्ना एगो रहेला जउन यहुदीसबके हृदय उद्धारकर्ताके निमित्त तैयार पारेला ।
- यद्यपि बप्तिस्मा दिएवाला युहन्ना एगो अगमवक्ता रहे लेकिन ऊ बहुत गरीब रहे ।

आवलजावो मत्ती ३:४ पद पढलजाइ ।

यि यहुन्ना उँटक रवनके कपडा पहिनले रहे अउर यी अपना कमरमे चमडाके कमर कस

बनावले रहे अउर उनका खुराक चिडी अउर बनमधु रहे ।

- बप्तिस्मा दिएवाला युहन्नाके कपडा उँटक रौं बनेला ।
- ऊ सलह आ बनमह खाएला ।
- कुछ आदमीसब कहलक कि अगर ओकुनीस परमेश्वरमे विश्वास करे त वहां ओकुनीसबके बहुत पैसा दिएला ।
- लेकिन परमेश्वर कउनके भि बहुत पैसा दिएला कहके किरिया ना देनी ।
- काहेकि बप्तिस्मा दिएवाला युहन्ना परमेश्वरके बारेमे सिखाइलक वइसने बहुत यहुदीसब ओकर बात सुनेके निमित्त आइल ।

आवलजावो मत्ती ३:५-६ पद पढलजाइ ।

यरुसलेम अउर सब यहुदया अउर यर्दनके सब लोगसब उनकरा लगे आ गइले । अउर आपन पापके मानके यर्दन नदीमे उनकराके बप्तिस्मा लेलहेलन ।

- बहुत यहुदीसब बप्तिस्मा दिएवाला युहन्नाद्वारा परमेश्वरमे विश्वास कइलक ।
- ऊ यहुदीसब पश्चात्ताप कइलक आ ओकुनीसबके बचादेल कहके परमेश्वरमे बिन्ती कइल ।

11. बप्तिस्मा कथी ह ?
    - बप्तिस्मा आदमीके पानीके निचे घुसाके फेनु तत्काले उपर निकालेवाला एगो चलह हा ।

12. बप्तिस्माके अर्थ कथी ह ?
    - बप्तिस्मा एगो तरिका ह जहां अपने पश्चात्ताप करेला आ परमेश्वर सिर्फ अपनेके बचावेला कहके विश्वास करेला ।

13. का बप्तिस्मा यहुदीसबके पाप मृत्यु आ शैतानके शक्तिसे बचावेलाके सक्षम रहे ?
    - ना ।

14. काहे बप्तिस्मा यहुदीसबके पाप मृत्यु आ शैतानके शक्तिसे बचावेलाके सक्षम नइखे ?

- काहेकि आदमीके पानीमे डुबादेलके ओकुनीसबके बचावेके नइखे सकी ।

15. का बप्तिस्मा कउनोके पाप मृत्यु आ शैतानके शक्तिसे बचावेके सकी ?

- ना ।
- बप्तिस्मा हमनीके पापसे बचावेके ना सकिहन ।
- बप्तिस्मा हमनी पापके मोल चुकावेके ना सकिहन ।

16. कउनो सिर्फ हमनीके पाप मृत्यु आ शैतानके शक्तिसे बचावेके सकिहन ?

- उद्धारर्कता यिशु ।
- बप्तिस्मा एगो चिन्ह ह जउन अपने पश्चात्ताप कइलक आ केवल परमेश्वर सिर्फ अपनेके बचावेके सकिहन कहके अपने स्वीकार कइलक ।

- बहुत फरिसी आ सदुकीसब बप्तिस्मा दिएवाला युहन्नाके वचन सुनेलाके आइलक ।

17. फरिसी आ सदुकीके बप्तिस्मा दिएवाला युहन्ना कइसन चेतावनी देलक ?

आवलजावो मत्ती ३:७ पद पढलजाइ ।

जब उ सगरी फरिसी अउर फरिसी के लोग देखलन कि ए बप्तिस्मा खातिर आवोता लोग त कहलन हे सापंके बच्चे तोहन लोगोके के चेतावनी बा कि आवेवाला प्रकोपसे भागेजा ।

- बप्तिस्मा दिएवाला युहन्ना फरिसी आ सदुकीके सापके सन्तान कहलक ।

18. काहे बप्तिस्मा दिएवाला युहन्ना फरिसी आ सदुकीके सापके सन्तान कहलक ?

- काहकि फरिसी आ सदुकीसब बहुत घमण्डी रहे ।

- फरिसी आ सदुकीसबके निमित्त बप्तिस्मा दिएवाला यहुन्नाके वचनसब बहुत कडा रहे ।
- यिहे कारणसे कि फरिसी आ सदुकीसब बहुत घमण्डी रहे ऊ पश्चाताप करेलाके इन्कार कइलक ।
- जउन घमण्डी रहे ऊ पश्चात्ताप करेलाके इन्कार करलक त परमेश्वर ओकराके ना बचावेला ।
- परमेश्वर ओकरके सिर्फ बचावेला जउन घमण्डी नइखे आ पश्चात्ताप करेला ।

19. फरिसी आ सदुकीसब बप्तिस्मा दिएवाला युहन्नाके अउरो थप बात कथी कहलक ?

आवलजावो मत्ती ३:८ पद पढलजाइ । तुमनीसब अइसन काम कर जेकरासे तुमनीसबके हृद्य आ जीवन सचेमे परिवर्तन भेल ।

- फरिसी आ सदुकीसबके लागत रहे कि परमेश्वर ओकुनीसबसंगे निमन रहे ।

20. फरिसी आ सदुकीसब काहे ओकुनीसँगे परमेश्वर निमन रहे कहके ठानेला ?
    - काहेकि ओकुनीसब ठानत रहे कि ओकुनीसब करेला काम परमेश्वरके खुशी बनेके बाध्य पारेला ।

21. का हमनी करेला कउनो काम परमेश्वरके हमनीसबप्रति खुश बनेके बाध्य पारेला ?
    - ना ।
22. परमेश्वरके निमन पारेला एगो हि काम कथी ह ?
    - पापके निमित्त प्रायश्चित्त ।
    - सब आदमीसबके निमित्त जउन परमेश्वरके निमन बनाइल  ऊ काम पापके प्रायस्चित्त ह ।

23. अउरो का बातसे फरिसी आ सदीसबके लागत रहे कि परमेश्वर ओकुनीसबसंगे निमन बा ?

- फरिसी आ सदुकीसबके लागत रहे कि ओकुनीसब अब्राहामके सन्तानसब रहे त परमेश्वर ओकुनीसबसंगे खुश बारन ।

24. ओकराके बाद बप्तिस्मा दिएवाला युहन्ना कथी कहलक ?

आवलजावो मत्ती ३:९ पद पढलजाइ । पछताएमत जइसन करलियावलो अउर अपना अपना मनमे यी मत सोचल हमार बापत इब्राहिम भव काहेकि हम तोहन लोगसे कहतनी कि परमेश्वर पथलसे इब्राहिम खातिर बच्चलके पैदा कर सकतनी ।

- बप्तिस्मा दिएवाला युहन्ना फरिसी आ सदुकीसब अब्राहामके सन्ता भेलाके बाबजुद सिर्फ ऊ बातसे परमेश्वर ओकुनीसबसंगे खुश बनेके बाध्य ना तुल्याइला कहलक ।

25. का कउनो किसिके दरसन्तान भेला त ऊ बातसे परमेश्वर खुश भेगेला ?

- ना ।
- बप्तिस्मा दिएवाला युहन्ना अगर परमेश्वरके चाहत त वहां पथलसे अब्राहामके सन्तान बनावेके सकेला कहलन ।

26. बप्तिस्मा दिएवाला युहन्ना अउरो थप का बात फरिसी आ सदुकीसबके कहलक ?

आवलजावो मत्ती ३:१० पद पढलजाइ ।

अउर अपन टाँगा पेडके जडपर रखलबा । काहेकि जउन पेड निमन फल नादेला ऊ काटल जाला ।अउर आगीमे ढोकलजाला ।

27. सब घमण्डी आ पश्चात्ताप करेके इन्कार करेवालाके यहुन्ना कथी कहलक ?

- परमेश्वर ओकुनीसबके खराब गाछीके जइसन काटके फेकेला आ ओकुनीसबके अनन्त आगके दहमे फेकेला ।

- इहां एगो उदारहण बा ।

28. अगर हमनी खराब फल दिएवाला गाछी काटदेलक त ऊ फेनु असर फल फलावेला ?
    - ना ।
    - ऊ गाछी जहियो खराब फल फलाएला ।
29. अगर हमनी खराब फल दिएवाला गाछी काटदेलक त ऊ फेनु असल टेहेनी निकालके असल फल फलावेला ?
    - ना ।
    - ऊ रुख जहियो खराब टेहनि निकालके खराब फल दिएला ।
    - हमनी सब वही खराब फल दिएवाला गाछीजइसन रहे ।
    - हमनी अपनेआपके असल बनावेलाके कउनो बात नइखे ।
    - ओकराके बाद बप्तिस्मा दिएवाला यहुन्ना यिशुके कहलक ।

आवलजावो मत्ती ३:११ पद पढलजाइ ।

हम त तोहन लोगकोके मन फिरावसे बत्तिस्मा देताहे । बाकी जे हमरा पछि आवेवाला बाडन ऊ हमरासबे बलवान बाडन हम उनकरा जुतो उठाए लायक नइखे । ऊ तोहन लोगोके पवित्र आत्मा अउर आगीसे बप्तिस्मा दिहन ।

- जब बप्तिस्मा दिएवाला यहुन्ना आदमीसबके पानीके बप्तिस्मा दिएरहेला त ऊ ओकुनीसबके यिशु ओकुनीसके पवित्र आत्मासे बप्तिस्मा दिएला कहे ।
- बप्तिस्मा दिएवाला यहुन्ना यि भि कहलक कि यिशु परमेश्वर बारन आ वहां बहुत पवित्र रहे कि वहांके जुत्ता बोकेके लायक भि ऊ ना रहे ।

30. बप्तिस्मा दिएवाला युहन्ना यिशुके बारेमे थप अउरो कथी कहलक ?

आवलजावो मत्ती ३:१२ पद पढलजाइ ।

उनकर सुब उनकर हातमे बा अउर ऊ अपन खरिहान निमनसे साफ करिहन अउर गेहु डहरीमे इक्ठा करके रखिहन । अउर ऊ भुसाके आगीमे जरइहन ।

- जउन जउन घमण्डी रहे आ पश्चात्ताप करेके इन्कार करेला त ओकुनीके बप्तिस्मा दिए वाला यहुनन्ना भुसजइसन रहे कहलन ।

31. भुस का बातके निमित्त असल रहे ?
    - कुछ बातके निमित्त भि नइखे ।
    - ऊ त केवल आगमे जलादेके निमित्त रहे ।
    - बप्तिसमा दिएवाला युहन्ना घमण्डी भइलके पश्चात्ताप करेके इन्कार करेवाला आदमीके भुसके जइसन अनन्त आगके दहमे यिशु हालेवाला रहे कहलन ।
    - एगो दिन यिशु युहन्नाद्वारा बप्तिस्मा लिएलाके निमित्त आइलक ।

मत्ती ३:१३-१५ पद पढलजाइ ।

वही समय यिशु यर्दनसे गलिलके किनारे यिहुन्नाके लगे बप्तिस्मा लेवेआइलन । लेकिन यहुन्ना उनकरासे यि कहके रोग लगलन हमराके रउवाके हातसे बप्तिस्मा लेके जरुरत बा अउर अरवाव हमरालगे आइलबानी । यिशु उनकरासे कहनी अइसही होखे द काहेकि हमराके यही रीतिसे सब धार्मिकता पूरा करहिन तब ऊ उनकर बात मान लेहलन ।

32. का येशु पश्चात्ताप करेलाके कारण बप्तिस्मा लिएला ?

    - ना ।

33. का येशूके पश्चात्ताप करेके आवश्यक रहे ?

    - ना ।

34. यिशुके काहे पश्चात्ताप करेलाके आवश्यक नइखे ?

    - काहेकि यिशु कहिइ पाप ना कइल ।

35. वइसन ह त यिशु काहे बप्तिस्मा लेल ?

- काहेकि यिशु वहां उर्द्धारकर्ता आ परमेश्वरके धार्मिकता बारन कहके दिखावेलाके चाही ।
- काहेकि यिशु बप्तिस्मा दिएवाला युहन्ना परमेश्वरसे आएला शिक्षा ह कहके दिखावेलाके चाही ।
- काहेकि यिशु सब आदमीसबके असल उदाहरण दिखावेलाके चाही ।
- काहेकि यिशु परमेश्वर सब बात पालन करेके चाही ।
- यिशु पूर्ण रुपसे परमेश्वर बारन ।
- काहेकि यिशु पिता परमेश्वर कहे हर बात पूर्ण रूपसे पाल करेके चाहनी ।

36. वहां यी धरतिमे रहेलाके समयमे यिशुके कउन अगुवाइ करत रनी ?

- पवित्र आत्मा परमेश्वर ।

37. यिशुके बप्तिस्मा भइलाके समयमे का घटना भइल ?

आवलजावो मत्ती ३:१६-१७ पद पढलजाइ ।

अउर यिशु बप्तिस्मा लेके जइसेहि पानीसे बाहरा निकललन कि वही घडी स्वरग खुलगइल । अउर यिशु परमेश्वरके आत्माके उतरल देखलन । येहु परमेश्वरके आत्माके कबुतर जइसन उतरल अउर आपन उपर ठहरत देखलन । वही घढी स्वरगसे आवाज आइल । इ हमार प्यारा बेटा हमे जेकरासे हम बहुते खुस बानी ।

- पिता परमेश्वर स्वरगसे बोलगेल ।
- पिता परमेश्वर यिशुके आपन बेटा कहलन ।

38. यिशु कइसन पिता परमेश्वरके बेटा भइल ?
    - काहेकि यिशु परमेश्वर बारन जउन पिता परमेश्वर चाहेवाला काम करेलाके स्वर्गसे इल ।

39. जब यिशु बप्तिस्मा लिअल त पिता परमेश्वर यिशुके बारेमे कउन बात कहलक ?

- पिता परमेश्वर वहां यिशुसंगे बहुत निमन ह कहलन ।
- ओकराके बाद बप्तिस्मा दिएवाला युहन्ना यिशुके फेनु दिखलक ।
- इहां बप्तिस्मा दिएवाला युहन्ना यिशुके केहेवाला बात लिखेला ।

आवलजावो युहन्ना १:१९ पद पढलजाइ । दुसरा दिन युहन्ना यिशुके अपनावरी आवतके देखके कहलन देखलो परमेश्वरके मेन्दाहवान जउन दुनियाके पाप उठाले जातरन ।

- बप्तिस्मा दिएवाला युहन्ना यिशुके परमेश्वरके थुमा कहलन ।

40. बप्तिस्मा दिएवाला युहन्ना काहे यिशुके परमेश्वरके थुमा कहलक ?

- जइसन परमेश्वर इसहाकके बदलेमे मारके निमित्त भेड देलक वइसन परमेश्वर सब आदमीके मारेलाके निमित्त यिशुके देलक ।
- जइसन भेड मरगेल आ ऊकर खुन मिश्रमे इस्रेलीसबके बचाइल वइसन बचावेलाके निमित्त परमेश्वर यिशु आ वहांके खुन देल ।